**दिन–रविवार** **दिनांक–05.05.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

लोकसभा चुनावक तेसर चरणक मतदानक लेल प्रचार आई सांझ पांच बजे समाप्त भऽ गेल। सात मई के राज्यक पांच संसदीय क्षेत्र– झंझारपुर, सुपौल, अररिया, मधेपुरा आ खगड़िया में मतदान हेबाक अछि। एहि चरण मे चौबन उम्मीदवार लोकनिक भाग्यक निर्णय हेबाक अछि। सुपौल मे पंद्रह, खगड़िया मे बारह, झंझारपुर मे दस, अररिया मे नओ आ मधेपुरा मे आठ उम्मीदवार छथि। एहि चरण मे अंठानवे लाख साठि हजार सँ बेसी मतदाता अपन मताधिकारक प्रयोग करताह। एहि संसदीय क्षेत्र सभ मे पहिल बेर मतदान करऽबला के संख्या लगभग एक लाख पैतालीस हजार अछि।

---

तेसर चरणक पांच संसदीय क्षेत्र मे मुख्य मोकाबला एनडीए आ इंडी गठबंधनक उम्मीदवार लोकनिक मध्य मानल जा रहल अछि। झंझारपुर मे जदयूक निवर्तमान सांसद रामप्रीत मंडल आ वीआईपी के सुमन कुमार महासेठक मध्य मोकाबला मानल जा रहल अछि। सुपौल संसदीय सीट पर जदयूक निवर्तमान सांसद दिलेश्वर कामैत के प्रतिस्पर्धा राजदक चंद्रहास चौपाल सँ होयत। ओतहि मधेपुरा मे जदयूक दिनेश चंद्र यादव के समक्ष राजदक प्रोफेसर चंद्रदीप छथि। जखनकि खगड़िया मे सीपीएम के संजय कुमार के सोझा लोजपा रामविलासक राजेश वर्मा अपन चुनौती प्रस्तुत कऽ रहल छथि। एम्हर, अररिया संसदीय क्षेत्र मे एनडीए के दिस सँ भाजपाक निवर्तमान सांसद प्रदीप सिंह आ इंडी गठबंधन सँ राजदक शाहनवाज आलम चुनावी मैदान मे छथि।

---

लोकसभा चुनावक तेसर चरणक दरमियान कोसी प्रमंडल क्षेत्र मे सुरक्षा व्यवस्था करगर कऽ देल गेल अछि। आई सांझ सँ भारत– नेपाल सीमा के सील कऽ देल गेल। मतदानक दरमियान कोनो प्रकारक गड़बड़ी के रोकबाक लेल अस्सी प्रतिशत मतदान केन्द्र सभ पर पारा मिलिट्री फोर्सक जवान लोकनि के तैनात कयल जा रहल अछि। झंझारपुर मे लोकसभा चुनाव के देखैत आइ सँ तीन दिन धरि सुरक्षाक कारणे भारत –नेपाल रेल सेवा के

अंतर्गत भंगहा–जनकपुर–जयनगर रेलखंड पर सात मई धरि रेलगाड़ी सभक परिचालन बंद रहत।

———————————————————————————

लोकसभा चुनावक चारिम आ पांचम चरणक लेल प्रचार अभियान जोर –शोर सँ चलि रहल अछि। जदयू के राष्ट्रीय अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ मुंगेर लोकसभा क्षेत्र अंतर्गत सुर्यगढ़ा प्रखंड क्षेत्रक माणिकपुर मे जनसभा के संबोधित कयलनि। श्री कुमार कहलनि जे राष्ट्रीय जनता दल के जे कोनो मंत्री आ नेता लोकनि गड़बड़ी कयलनि अछि हुनक विरूद्ध जाँच करओल जायत। ओ अपन संबोधन मे राजद अध्यक्ष लालू प्रसादक विरूद्ध जमिकऽ निशाना साधलनि। जनसभा के भाजपा के वरष्ठि नेता आ उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा सेहो संबोधित कयलनि। ओतहि महागठबंधनक दिस सँ राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव मधुबनी जिलाक काको मे जनसभा के संबोधित कयलनि।

———————————————————————————

एनडीए के घटक दल लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक प्रमुख चिराग पासवान मधुबनी के बासोपट्टी मे चुनावी रैली के संबोधित कयलनि। श्री पासवान दावा कयलनि जे लोकसभा चुनाव मे एनडीए एहि बेर चारि सय सँ बेसी सीट जीतत। एम्हर, दुनू गठबंधनक वरिष्ठ नेता अपन–अपन प्रत्याशी लोकनिक समर्थन मे जनसभा कऽ रहल छथि आ जंनसंपर्क अभियान चला रहल छथि।

———————————————————————————

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह काल्हि उजियारपुर संसदीय क्षेत्र अंतर्गत सरायरंजन मे भाजपा प्रत्याशीक समर्थन मे जनसभा के संबोधित करताह। विकासशील स्वराज पार्टी लोकसभा चुनाव मे कांग्रेस पार्टी के समर्थन देबाक घोषण कयलक अछि। कांग्रेसक प्रदेश अध्यक्ष अखिलेश प्रसाद सिंह कहलनि अछि जे एहि पहल सँ महागठबंधन मजगूत होयत।

———————————————————————————

लोकसभा चुनावक पांचम चरणक अंतर्गत राज्यक पांच संसदीय क्षेत्र सभ मे कुल बेरासी उम्मीदवार लोकनिक नामांकन वैध पाओल गेल अछि। कुल एक सय तीन प्रत्याशी लोकनि नामांकन दाखिल कयने छलाह। नामांकन पत्रक जांचक बाद एहि क्षेत्र सभ सँ कुल एक्कैस उम्मीदवार लोकनिक नामांकन पत्र निरस्त कऽ देल गेल। सभ सँ बेसी छब्बीस

उम्मीदवार लोकनिक नामांकन पत्र मुजफ्फरपुर मे सही पाओल गेल। ओतहि सारण आ सीतामढ़ी सँ पंद्रह– पंद्रह, हाजीपुर मे चौदह आ मधुबनी मे बारह उम्मीदवार लोकनिक नामांकन पत्र जांच मे सही भेटल अछि। उम्मीदवार काल्हि अपन नाम आपस लऽ सकैत छथि।

———————————————————————————————

पटनाक बेउर जेल मे बंद पूर्व विधायक अनंत सिंह के पैरोल पर आइ पंद्रह दिनक लेल रिहा कऽ देल गेल। श्री सिंह न्यायालय सँ पारिवारिक कारण सँ पैरोल के अनुरोध कयने छलाह। एम्हर जेल सँ रिहा भेला के बाद अनंत सिंह मोकामा क्षेत्र मे घुमि–घुमि कऽ लोक सभ सँ भेट कयलनि।

———————————————————————————————

मौसम विभाग कहलक अछि जे राज्य मे बेगूसराय आ बक्सर जिला मे आइ आ काल्हि लू के प्रभाव रहत। ओतहि राज्यक उत्तर–पश्चिमी, उत्तर–मध्य आ उत्तर–पूर्व जिला सभ मे काल्हि सँ एगारह मई धरि वर्षा हेबाक संगहि ठनका खसबाक सेहो संभावना अछि। एहि दरमियान पश्चिमी आ पूर्वी चंपारण, सीतामढ़ी, सारण, वैशाली, सुपौल, अररिया, किशनगंज आ मधेपुरा सहित लऽग –पासक जिला सभ मे हल्का वर्षा हेबाक संभावना अछि। मौसम विभाग जनौलक अछि जे बंगालक खाड़ी आबि रहल नमि के कारण राज्य मे वर्षा के परिस्थिति बनि रहल अछि।

———————————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।